

Mizajou sou Pèman Frè Pou Aplikasyon Azil

SA OU DWE KONNEN

Dat ki te 4 Jiyè 2025 lan, Prezidan Trump siyen **One Big Beautiful Bill Act (OBBBA)** kòm yon lwa. Nouvo lwa sa a ogmante anpil frè pou pwosesis imigrasyon epi li fè li vin pi difisil pou kèk moun jwenn aksè oswa kontinye ak dosye imigrasyon yo. Chanjman sa yo aplike pou plizyè kalite aplikasyon, ki gen ladan **aplikasyon azil devan tribinal imigrasyon oswa USCIS**. Frè yo gen ladann yon nouvo frè \$100 pou ranpli fòm I-589 la ak yon lòt \$100 anyèl pou nenpòt aplikasyon azil ki annatant pou yon ane oswa plis. Avan lwa sa, pat genyen frè pout e aplike oubyen kontinye pwosès ka azil.

**** Pa gen okenn egzansyon oswa frè ki redwi ki disponib pou moun kap aplike pou azil epi si ou pa peye alè, aplikasyon azil ou a ka retade oswa menm *rejte*.**

Dènye Mizajou: 2 Oktòb 2025 (Resous sa a ap mete ajou lè gen nouvo enfòmasyon).



Depi 23 Septanm 2025, Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon (EOIR) mete ajou Pòtal Pèman li a, ki pèmèt ou kounya peye kèk frè pou aplikasyon ak mosyon ou sou entènèt. Ou ka peye sou entènèt nenpòt lè sou sit: <https://epay.eoir.justice.gov/index>

Pwosedi pou peye frè a ka varye selon chak jij pou sa asire ke ou swiv tout enstriksyon jij imigrasyon w lan oswa kontakte grefye tribinal imigrasyon an si w gen kesyon.

I. Mwen se yon moun k ap chèche azil epi aplikasyon mwen an annatant. Sa vle di kisa pou mwen?

Kit ou te depoze aplikasyon w lan devan tribinal imigrasyon oswa ak USCIS (afimativman e non pa nan tribinal), wap bezwen peye \$100 chak ane pou kenbe ka azil annatant ou a aktif.

Si ou te aplike avèk USCIS, Ajans la komanse voye avi depi 1 Oktòb 2025 bay moun ki gen aplikasyon azil annatant ki gen obligasyon pou peye frè a nan lespas 30 jou ou resevwa notifikasyon an.

Si ou te depoze yon aplikasyon nan tribinal imigrasyon, EOIR poka bay direktiv klè sou kijan pou w peye frè chak ane a pou aplikasyon ki te fèt nan tribinal yo, epi pèman sou entènèt nan moman la sèlman aksepte pèman pou premye frè orijinal la.



Pou peye Frè chak ane pou aplikasyon Azil la:

Depi dat 29 Septanm 2015, EOIR pa bay detay klè sou gidans koman pou w peye frè chak ane a. Pou rezon sa, kèk reprezantan legal ki otorize pou sa ap itilize opsyon frè orijinal la pou peye frè \$100 chak ane a sou sit pèman EOIR la epi konsève resi a kòm prèv ke ou te vle peye frè chak ane a. Sepandan, akòz mank enfòmasyon sou dosye sa, pa gen okenn garanti ke pèman chak ane pou aplikasyon annatant yo sou entènèt la ap satisfè pèman chak ane ke yo mande nan moman.

II. Mwen gen yon odyans nan tribinal epi mwen pral depoze aplikasyon azil mwen. Èske mwen ka peye nan tribinal la?

Si w pral depoze aplikasyon azil ou, kounya wap genyen pou w peye \$100 frè aplikasyon avèk prèv ke ou fè pèman ak aplikasyon an. Si wap fè aplikasyon an ak tribinal imigrasyon, ou sipoze peye \$100 nouvo frè aplikasyon an sou sit pèman EOIR la avan ou voye aplikasyon azil la. Yo pa aksepte pèman ni an pèsòn ni pa lapòs.

Aprè ou fin peye, ou pral jwenn yon resi ke ou sipoze mete ak aplikasyon w lan, avèk yon fòm ID pèman ke ou ka itilize pou w gade epi enprime resi w la. Tanpri kenbe yo an sekirite.

III. Mwen fèt soumèt aplikasyon azil mwen nan tribinal e mwen vle aplike pou pèmi travay (EAD) kounya. Kijan mwen ka fè sa?

An jeneral, Moun k ap chèche azil ka aplike pou premye pèmi travay yo 150 jou aprè yo depoze aplikasyon azil yo a nan tribinal imigrasyon oubyen USCIS. Li pran apeprè 30 jou aprè ou finn soumèt aplikasyon kat travay la pou resevwa kat la. Komansè depi 22 Jiyè 2025, li vinn koute \$550 kounya pou premye aplikasyon kat travay la kòm yon moun k ap chèche azil.

Aplikasyon pou kat travay avèk pèman yo ale sou sit USCIS la, Yo pa alé sou ap EOIR la. Pou plis detay, fè yon ti gadé bon resous ASAP a sou koman ou ka aplike sou entènèt oubyen lapòs.

IV. Eske chak moun sou yon aplikasyon azil dwe peye frè a?

Sèlman yon sèl pèman nesèsè pou yon aplikasyon azil ki gen plizyè moun (tankou mari/madanm ak timoun) Tanpri Mete A-Number moun prensipal la lè w ap peye sou Aplikasyon pèman EOIR la. (EOIR Payment Portal)